

GRANMOUN KI AN BÒN SANTE KI PA GEN DEPANDAN (ABAWD)
**Kondisyon Elijiblite pou Pwogram Èd Alimantè Debaz la:
Kisa w Bezwen Konnen pou w Kenbe Avantaj Ou Yo
Basic Food Eligibility Requirements: What You Need to Know to Keep
Your Benefits**

Avantaj ou yo gen yon limit tan si w p ap travay

Nou konsidere w tankou yon Granmoun Ki An Bòn Sante Ki Pa Gen Depandan (Able Bodied Adult without Dependents, ABAWD) nan kad pwogram Èd Alimantè Debaz la paske ou ka travay epi w pa gen timoun lakay ou,

Ou ka resevwa avantaj pwogram Èd Alimantè Debaz la pandan twa mwa pandan yon peryòd 36 mwa si w pa satisfè kondisyon travay yo.

Kòman pou w kenbe avantaj pwogram Èd Alimantè Debaz ou a

Pou w kenbe avantaj ou yo pandan plis pase twa mwa, ou dwe fè youn oswa plis nan aktivite ki apre yo:

- Fè aktivite benevola chak mwa nan kad pwogram Workfare la. Montan avantaj chak mwa ou a ap detèmine kantite èdtan ou dwe pase nan fè benevola pou w kenbe avantaj alimantè ou yo.
- Travay omwen 20 èdtan nan yon semèn oswa 80 èdtan nan yon mwa an mwayèn.
- Patisipe nan yon travay eta a apwouve oswa nan yon pwogram fòmasyon tankou:
 - Travay ak Fòmasyon pou Pwogram Èd Alimantè Debaz (Basic Food Employment and Training, BFET). Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou www.dshs.wa.gov/bfet;
 - Pwogram yo nan Lwa sou Inovasyon ak Opòtinite pou Mendèv (Workforce Innovation and Opportunity Act, WIOA). Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou <https://www.dshs.wa.gov/esa/community-services-offices/wioa>; oswa
 - AmeriCorps VISTA.

Obstak ki anpeche w patisipe

Kontakte nou si w pa kapab patisipe nan omwen 80 èdtan nan yon mwa paske ou:

- Gen yon andikap fizik oswa mantal;
- Resevwa avantaj nan men Depatman Travay ak Endistri (Labor & Industries, L&I), Administrasyon Veteran oswa asirans andikap prive;
- Ap viv nan yon kondisyon ki se yon obstak pou travay;
- Bay yon moun ki pa ka pran swen tèt li poukont li swen paske li gen anpil laj oswa paske li gen andikap.
- Patisipe nan yon pwogram tretman oswa reyadaptasyon pou depandans chimik;
- Aplike oswa resevwa avantaj pou chomaj;
- Enskri lekòl omwen pou demi jounen; oswa
- Resevwa avantaj Asistans Lajan Kach pou Refijye oswa Fon Sibvansyon Kontrepati; oswa
- Patisipe nan Pakou LEP (Limited English Proficiency, Metriz Limite an Anglè) oswa nan pwogram CLEVER a.

Bagay ou dwe sinyale

Ou dwe di nou si:

- Ou pa ka fè kantite èdtan patisipasyon yo mande a nan yon mwa.
- Tan travay ou pi piti pase 20 èdtan nan yon semèn.
- Revni kay la depase limit WAC (Washington Administrative Code, Kòd Administratif Washington) 388-478-0060 fikse a.
- Ou menm oswa yon manm nan kay ou a ap resevwa gwo lajan nan bòlèt oswa nan jwèt aza nan yon sèl kou, yon montan ki egal oswa ki pi wo pase limit WAC 388-470-0006(8)(a).

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou kondisyon konsènan ABAWD yo sou www.dshs.wa.gov/abawd.

Rele nou nan 1-877-501-2233 si w gen kesyon, si w bezwen asistans pou w antre nan yon pwogram fòmasyon, oswa si w bezwen sinyale kèk chanjman.

Ou ka vizite nou sou www.washingtonconnection.org pou w aplike pou avantaj yo, pou w soumèt yon revizyon oswa pou w sinyale kèk chanjman.